ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№58 (21.466) ● 2009 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 27, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Район нэхъыфIхэм папщIэ - сом мелуан 33-рэ

●Хъыбар гуапэ

**КъБР-м и Президентым къыдигъэкIа УнафэмкIэ къыщтащ 2008 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я социально-экономикэ зыужьыныгъэм кърикIуахэр. Нэхъ пашэу къалъытахэм иратын папщIэ, республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 33-рэ хухахащ.**

ЕКIУЭКIА лэжьыгъэхэр зыхуэдэр нэхъ тэмэму къэпщыта хъун икIи муниципалитетхэм я рейтингхэр ягъэувын папщIэ, ахэр гупищу ягуэшащ, къалэ округхэр, бгылъэ щIыпIэхэм щыIэ районхэр, тафэтес районхэр хэгъэбелджылыкIауэ.

Япэ увыпIэр зыхуагъэфэщахэм дэтхэнэми сом мелуани 7, етIуанэ увыпIэр къэзыхьахэм сом мелуани 4 иратынущ.

Къалэхэм ящыщу япэ увыпIэр Прохладнэм, етIуанэ увыпIэр Бахъсэн къалэм иратащ. Абыхэм къахьа балл бжыгъэр щIагъуэкIэ зэрызэщхьэщимышым къыхэкIыу, унафэ къащтащ а къалитIми сом мелуан тхурытхурэ ныкъуэ-ныкъуэрэ иратыну. Муниципальнэ районхэм я япэ гупым Шэрэдж, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэр, етIуанэ гупым - Бахъсэн, Тэрч муниципальнэ районхэр щытекIуауэ къалъытащ.

МЕЧИЕВ Асхъэт.

## Дунейм щыхъыбархэр

### Нэхъ лъэщхэр егъэгузавэ

**Корее Ищхъэрэм зегъэхьэзыр хьэршым связым и спутник дриутIыпщхьеину.**

Абы папщIэ «Тепходон-2» баллистикэ ракетэр зэриутIыпщыным хуигъэпсауэ Мусудан щыIэ платформэм щиIыгъщ. США-м и къэрал секретарь Клинтон Хиллари къилъытащ КНДР-м и мурадхэм шынагъуэ хэлъу. Абы зэрыжиIэмкIэ, сыт хуэдэ мурад имыIэми, КНДР-м хьэршым ракетэ зэрыдриутIыпщхьейм къызэпеуд ООН-м Шынагъуэншагъэмкiэ и Советым игъэува хабзэхэр. Абы къыхэкIыуи, ра кетэм зиIэтмэ, Iуэхур США-м ООН-м къыщиIэтынущ. США-ми Япониеми я шынагъуэншагъэр ягъэбыдэ. Японием жиIащ Кореем и ракетэм зытращIыхьам текIыу лъэныкъуэкIэ ириIуэнтIэкI хъумэ, къриудыхыну зэрыхьэзырыр.

### Iуэхур зэтезыIыгъэр

**«Украинэр НАТО-м хыхьэным зэран къыхуэхъу Iуэхугъуэшхуэхэр щыIэщ», - жиIащ дыгъуасэ а къэралым и премьер-министр Тимошенкэ Юлие, Токио къэрал IуэхукIэ кIуауэ здэщыIэм.**

Альянсым хагъэхьэным щIэлъэIуу, Киевым тхылъ щитар 2008 гъэрат. АрщхьэкIэ, НАТО-м хэтхэм щхьэусыгъуэ зыбжанэ ящIурэ, жэуап пыухыкIа нобэр къыздэсми кърatакъым. Тимошенкэ зэрыжиIэмкIэ, Украинэм и политикэ къару псоми, президентри абы хэту, къалъытэ къэралым а Iуэхум теухуа референдум щемыкIуэкIауэ, ар НАТО-м хыхьэнкIэ Iэмал имыIэу. Абы щыгъуэми,

Украинэм щыпсэухэм ящыщу процент 30-ращ зыгъэдахэр альянсым гухьэным пыщIа Iуэхухэр. Премьер-министрым къызэригъэлъэгъуамкIэ, НАТО-м хэт къэралхэм Украинэр хуагъэдэну зэрыхуэмейри Iуэхур зэтезыIыгъэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

### Мылъкур зэрагъэзахуэ

**Венесуэлэм и президент Чавес Уго къэрал къулыкъущIэхэр къыхуриджащ мылъкур зэгъэзэхуэным.**

«Зы боливар лейуэ зыхухамыха Iуэхум текIуадэу здэнукъым. Къулейуэ щытыну хуей унафэщIхэр нэгъуэщI щIыпIэ фыкIуэ», - жиIащ абы.

Къэрал мылъкур зэгъэзэхуэнымкIэ жэуап ихьын хуейуэ хахащ Венесуэлэм и вице-президент Каррисалес Рамон. Абы и Iизыншэу къулыкъущIэхэр хамэ къэрал кIуэну, автомашинэ къащэхуну е бэджэнду къащтэну, административнэ унэр зэрагъэхьэну, компьютер е нэгъуэщI техникэ къащэхуну, уеблэмэ телефонри интернетри къагъэсэбэпыну хуиткъым. Псалъэм папщIэ, телефон Iуэхутхьэбзэм и уасэр етын хуеймэ, дэтхэнэ унафэщIри вице-президентым деж щIыхьэу, хуит зыкъригъэщIын хуейщ.

### НОБЭ

◆ Каунас геттом фашистхэм 1944 гъэм гъатхэпэм и 27 - 28-хэм щаукIа журт сабийхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ я фэеплъ махуэу Литвам щагъэуващ.

◆ Ереван щызэхэтынущ тенджыз ФIыцIэм и экономикэ зэдэлэжьэныгъэм (ЧЭС) хыхьэ къэралхэм транспортымкIэ я министрхэм я зэIущIэ.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 58-м, къухьэжынущ сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 25-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъынущ сыхьэт 12-рэ дакъикъэ 27-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар ГЪУЩIО Зарифщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:
ЛъапэкIэ хыфIэбдзэр дзапэкIэ къощтэж.

●Тэрч куей

## КIэртIоф пасэр хащIэ

**Дунейр хуабэ дыдэ мыхъупами, Тэрч мэкъумэшыщIэхэм вэн-сэным щIадзащ.**

МЫ ЗЭМАНЫМ бэджэндырылажьэхэм кIэртIоф пасэр хащIэ. КIэртIоф хасэр щIыIэм имысын папщIэ, тхылъымпIэпс траубгъуэ. Абы и фIыгъэкIэ кIэртIофыр нэхъ псынщIэуи къэкIынущ, жэщхэм щIыIэ къэхъуми, хуабэр имыутIыпщу иIыгъынущ. Апхуэдэ Iэмалыр илъэс зыбжанэ хъуауэ къагъэсэбэпри, кIэртIоф бэгъуаи къыщIахыж.

Куейм горох щхъуантIэу гектарищэ хищIащ. Илъэс блэкIахэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, ар районым и щIыуэпсым тэмэму йозэгъ. ЩIыгъэпшэррэ хущхъуэкIэ угегъумэ, гъавэ бэв къыпхутехынущ, щIэупщIэшхуи иIэщ.

Куейм и бэджэндырылажьэхэм нэхъыбэу хащIэхэм ящыщщ гъатхасэ хьэпцIийр. А къэкIыгъэхэм хухахащ гектар 1500-рэ, абыхэм щыщу 500-м трасагъэххэщ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.

●Пшыхьхэр



Фырэ Руслан Къалмыкъ Верэ йохъуэхъу. *Сурэтыр* ЕЛКЪАН Артур *трихащ.*

## ГуфIэгъуэр зэдаIэт

ДИ ГАЗЕТЫМ зэрытетащи, гъатхэпэм и 25-м Налшык щагъэлъэпIащ Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэр. ГуфIэгъуэр зэдаIэту, махуэшхуэмкIэ зыр зым ехъуэхъуу Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм къыщызэхуэсат щэнхабзэм и хъумакIуэхэмрэ ар къэгъэщIыным хуэлажьэхэмрэ: музейхэм, библиотекэхэм, театрхэм я лэжьакIуэхэр, тхакIуэхэр, сурэтыщIхэр, творческэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, ЩэнхабзэмкIэ унэхэм я IэщIагъэлIхэр, декоративно-прикладной гъуазджэр зи IэщIагъэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щыхурагъаджэ IуэхущIапIэхэм я гъэсакIуэхэр, щэнхабзэ лэжьакIуэхэм я профсоюзхэм я лIыкIуэхэр, самодеятельнэ гупхэм я къызэгъэпэщакIуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Къызэхуэсахэм фIэхъус ярихри, махуэшхуэмкIэ гуапэу ехъуэхъуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан**. Абы и псалъэм къыхигъэщащ Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэр щагъэлъапIэм ирихьэлIэу «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» зыфIащахэм я цIэхэр. Ахэр «Балкария» къэрал ансамблым и къэфакIуэ **Битуев Аслъэн**, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и унафэщI **ЗэшэкIуу ТIэхьир**, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, цIыхубэ творчествэмкIэ методист **Тхьэгъэлэдж Светланэ**, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **Тхьэщыгъуей Жаннэ**, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и актрисэ **Кулахметовэ Рушание** сымэщ. Шэджэм къалэ ЩэнхабзэмкIэ дэт унэм и унафэщI **Долэт Заудин** къыфIащащ «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

- Дэ ди мащIэкъым фIыкIэ зи цIэ къипIуэн, щIыхь тхылърэ дамыгъэкIэ дгъэлъэпIэн лэжьакIуэ. Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я махуэр ди республикэм иджы япэу щыдгъэлъапIэу аращи, абы хьер къыфхудэкIуэну сынывохъуэхъу, - жиIащ министрым.

АдэкIэ Фырэ Руслан утыкум кърригъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и ЩIыхь тхылъхэр зыхуагъэфэщахэу Налшык дэт Гуащэ театрым и унафэщI **Шумахуэ Владимир**, Мечиев Кязим и цIэр зезыхьэ ныбжьыщIэ библиотекэм и унафэщI **Балъкъыз Майе**, щэнхабзэмкIэ IэщIагъэлI нэхъыжь **Ащхъуэт Людмилэ**, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и унафэщIым и къуэдзэ **Бэрэгъун Руслан**, къафэмрэ уэрэдымкIэ «Тэрч къэзакъхэр» къэрал ансамблым и уэрэджыIакIуэ **Виско Владимир**, Лъэпкъ музейм и гъэтIылъыгъэхэм кIэлъыплъ лэжьакIуэ нэхъыжь **Къалмыкъ Верэ** сымэ.

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылърэ ахъшэ саугъэткIэ ягъэпэжащ цIыху 36-рэ. Абыхэм яхэтщ районхэм, къуажэхэм, къалэхэм ЩэнхабзэмкIэ щыIэ унэхэм, библиотекэхэм, самодеятельнэ гупхэм я унафэщIхэр, лэжьакIуэхэр, профессиональнэ театрхэм я актерхэр, къэфакIуэхэр. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и актер **Юсупов Хьэмид**, Ислъэмей къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и художественнэ унафэщI **Бэч Iэсият**, Лэскэн ЕтIуанэм щыIэ ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI **Балъкъэр Уардэщауэ**, Музыкэ театрым и солистхэу **Щоджэн МэчрэIилрэ Къардэн Радикрэ**, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ гупым и солисткэ **Битокъу Оксанэ**, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ **КIэхумахуэ ФатIимэ**, сурэтыщI **Ахматов Лиуан**, хореограф **Бекъазы Iэдэм**, Музыкэ театрым и контролер **Темрокъуэ Марие** сымэ.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

●Ныбжьыщiэхэм хухаха тхьэмахуэр йокIуэкI

## Унагъуэм псори къыщожьэ

ИУЖЬРЕЙ зэманым сэ сытогузэвыхь ди цIыхухэр щIэныгъэншагъэм и лъапсэм къыщымыхутэну пIэрэ жысIэу. Къыщыхутагъэххэмэ-щэ?

Къэралым и экономикэ, политикэ гъэпсыкIэр щихъуэжакIэ, щIэ гуэр къэдгъэщIын хуейт, япэрей зэхэтыкIэ зэхэкъутам дыщыпсэуным зедгъэсэным и пIэкIэ. А псор жысIэн хуей щIэхъур тхылъращ. Куэд щIакъым тхылъымрэ ар зи Iэпэгъумрэ пщIэшхуэ щыхуащI, еджэным гулъытэшхуэ щигъуэт къэралу Урысейр къалъытэу зэрыщытрэ. Классикхэм я IэдакъэщIэкIхэр щIэджыкIыныр, тхылъхэр зэхуэхьэсыныр, уней библиотекэхэр къызэгъэпэщыныр - ар ди дунейм и Iыхьэщ.

Нэхъыжьхэм зэращIэжщи, зи лэжьыгъэр щапхъэу къалъытэ цIыхум ирихуэупсэу, урысей, нэгъуэщI къэралхэм щыщ тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъхэм Iэ хутрадзэрт. Иджы а тхылъхэр библиотекэм къыщратыжкIэ, абы щыгъуэми а хъугъуэфIыгъуэр илъэс зыбжанэкIэ щIыунэхэм зэрыщаIыгъар жаIэурэ, си гур мэуз. ПхъэнкIийм хадзэж тхылъ къомыр-щэ?

Иужьрей илъэс 20-м, 1990 гъэхэм къыщыщIэдзауэ нобэ къэсыху, Урысейм и цIыхухэр зэреджэм, псом хуэмыдэу сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ тхылъым хуащI гулъытэм кIэрыхуащ. Сабийхэмрэ тхылъхэмрэ теухуауэ пыухыкIауэ зыгуэр жыпIэну хуабжьу гугъущ: илъэс зыбжанэ мэхъу ди къэралым апхуэдэ къэпщытэныгъэ зэрыщрамыгъэкIуэкIрэ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ тхылъыр IэщIыб зэращIым гу зэрылъатэу, 1994 гъэм Инджылызым щрагъэкIуэкIауэ щытащ абы теухуа къэхутэныгъэхэр. Абы кърикIуам ипкъ иткIэ къэралым программэ зыбжанэ къыщащтат, Iуэхур ирагъэзэкIуэжыну. А щапхъэм ирикIуащ Германиери нэгъуэщI къэрал зызыужьахэри.

*(КIэухыр 4-нэ нап.).*

●Шэджэм куей

## Гъатхэ лэжьыгъэхэр

**Шэджэм куейм хыхьэ Щхьэлыкъуэ, Лашынкъей, Хъущтэ-Сырт къуажэхэм къабзагъэм кIэлъыплъыну гупхэр къыщызэрагъэпэщащ. Жылагъуэ администрацэхэм яIэ техникэхэр зэгъэзэуIуауэ ирагъэувэлIащ пхъэнкIий идзыпIэхэр зэщIэкъуэным. Гупым хэтхэр кIэлъыплъынущ уэрамхэр, куэбжэпэхэр зэрагъэкъабзэм.**

ХЪУЩТЭ-СЫРТ къуажэм мы зэманым уэздыгъэ пкъохэр щагъэув, псы зрикIуэ бжьамийхэр зэхъуэкIыным яужь ихьэнущ. Щхьэлыкъуэ къуажэм километри 3,6-рэ зи кIыхьагъ уэрам нэхъыщхьэм телъ асфальтыр щIэкIэ щызэрахъуэкIынущ, щIыпIэ администрацэм и мылъкукIэ зыхуей хуагъэзэну я мурадщ псы зрикIуэ бжьамий кхъахэу зы километрым щIигъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Ди гъуэгухэм

## ХэпщIыкIыу йофIакIуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэрым и уэрамхэм щолажьэ къалэм промышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымкIэ и IуэхущIапIэм, УГИБДД-м, республикэм транспортымкIэ и инспекцэм я кIэлъыплъакIуэ гупышхуэ.**

ИЛЪЭСЫР къызэрихьэрэ транспорт куэд къапщытащ, шофер 13 я IэнатIэм IуагъэкIащ, 87-м тезыр тралъхьащ. Предприятэхэм дисциплинэмкIэ я комиссэхэм я лэжьакIуи 124-м я никъусаныгъэхэр ткIийуэ ирагъэлъагъужащ, Налшык къалэм и УВД-м и ОГИБДД-м и лъэныкъуэкIэ шофер 97-м административнэ къуэды «къалэжьащ».

КIэлъыплъакIуэ гупым ящIыгъущ налог IуэхущIапIэм щыщхэри. Зы мазэ закъуэм къриубыдэу абыхэм хуитыныгъэ гуэри ямыIэу зи автомашинэ псынщIэхэр такси папщIэу къэзыгъэсэбэпхэм протокол 25-рэ хуатхащ.

Нэхъапэми хуэдэу, никъусаныгъэхэр нэхъыбэу зэхьэлIар цIыху куэдыIуэ зэрырагъэтIысхьэрщ, автобусыр къабзэу зэрызэрамыхьэрщ, зытетын хуей гъуэгум зэрытекIырщ, зыхуэзэм деж цIыхухэр зэрыщрагъэкIымрэ къызэрыщащтэмрэщ, лэжьыгъэм щIамыдзэ щIыкIэ я транспортым и техникэ щытыкIэм зэрыкIэлъамыгъэплъырщ.

Къалэм промышленностымкIэ, транспортымрэ связымкIэ и управленэм зэрыщыжаIамкIэ, гупым лэжьэн зэрыщIидзэрэ республикэм и щыхьэрым транспортыр зэрыщызекIуэ щIыкIэр хэпщIыкIыу ефIэкIуащ.

КУБАДИЕВЭ Нуржан.

●Гу зылъытапхъэ

## ЩIалэгъуалэм я илъэсыр

УФ-м щегъэкIуэкIыным хиубыдэу КъБР-м Хъыбарегъащ Iэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 27-м къызэрегъэпэщ «Тэтэрстаным и щIалэгъуалэр - Кавказ Ищхъэрэм и щIалэгъуалэр» зэхыхьэшхуэр. Абы хиубыдэу концерт ягъэлъэгъуэнущ, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIынущ.

Пресс-конференцыр Налшык къалэ дэт лицей №2-м къыщызэрагъэпэщынущ. ГъуазджэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым щекIуэкIыну концертым щIидзэнущ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-м.



## ТIыхъужь Алий дигу ихуркъым

УФ-м и цIыхубэ артист, Къэбэрдей къэрал театрым и вагъуэ ин ТIыхъужь Алий и цIэр зэрихьэу гъэ къэс мэлыжьыхьым и 1-м къызэрагъэпэщ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ зэпеуэм и зи чэзу зэхыхьэр екIуэкIынущ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм къалэдэсхэри Налшык щыхьэщIэхэри абы ирегъэблагъэ.

Зэхьэзэхуэм зыкъыщагъэлъэгъуэнущ гушыIэмрэ ауанымрэ я артистхэм, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм.

УпщIэ зиIэхэр мы телефонхэмкIэ фыпсалъэ хъунущ: 77-42-08, 40-74-39.

## Ди къуэш республикэхэм

### Урысей Федерацэм къалэн зыщещIыж

АБХЪАЗ. ***Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я гъунапкъэхэр Урысей Федерацэм ядихъумэнущ. Абы теухуа Iуэхум щыхэплъэнущ республикэхэм я правительствэхэм.***

УРЫСЕЙ Федерацэм НэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я гъунапкъэхэр зэгъусэу зэрахъумэнум теухуа зэгурыIуэныгъэр ягъэхьэзырыну иджыблагъэ унафэ ищIащ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий. Ар хуэгъэзащ республикитIым я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным.

### «Лъэпкъ щIакхъуэ»

АДЫГЕЙ. ***Мейкъуапэ щылажьэ «Лъэпкъ щIакхъуэ» программэм щIыналъэм зыщиубгъуу щIидзащ. Иджыпсту абы районибл къызэщIиубыдащ.***

«ЛЪЭПКЪ щIакхъуэ» проектым и къалэн нэхъыщхьэр хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм ерыскъыхэр пуду яIэрыгъэхьэнырщ. Мыгувэу абы къыхыхьэнущ Тохъутэмыкъуей, Красногвардейскэ районхэр.

Программэм ипкъ иткIэ, унагъуэшхуэхэм, хуэмыщIахэм, пенсионерхэм щIакхъуэр соми 8-кIэ иращэ, пщIэншэу зратхэри щыIэщ.

Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр МэтIыжь Аслъэн зэрыжиIамкIэ, «Лъэпкъ щIакхъуэ» программэр зэрагъэзащIэр я нэIэм щIэтщ.

### «Тхьэмахуэ щхъуантIэм» хэтахэр ягъэпажэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм МэкъумэшымкIэ и министерствэм 2008 гъэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэр иджыблагъэ къипщытэжащ.***

ЗЭIУЩIЭМ зэрыщыжаIамкIэ, 2007 гъэм елъытауэ, республикэм гъавэр къехъулIащ, Iэщ бжыгъэми хэхъуэ зэпытщ. Федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуани 111-рэ министерствэм къыхуаутIыпщащ.

Коллегием щагъэпажащ мэкъумэшыщIэ пэрытхэр, Берлин къалэ щекIуэкIа «Тхьэмахуэ щхъуантIэ-2009» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм хэтахэр.

### Интернатым тыгъэ хуащI

***Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ никъуэдыкъуэхэмрэ щапIыж интернатым, Кардоникская жылагъуэм дэтым, щIыпIэ депутатхэр иджыблагъэ щыIащ икIи автомобиль тыгъэ хуащIащ.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Президент Эбзеев Борис интернатым щыкIуам ахэр къигъэгугъат транспорткIэ ядэIэпыкъунуи, ар ягъэзэщIащ. А машинэр къащэхуащ щIыпIэ бюджетым и мылъкукIэ.

«Республикэ властым дежкIэ псом япэщ социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэр, абыхэм ядэIэпыкъуныр», - жиIащ щIыпIэ парламентым и унафэщI Дэхъушокъуэ Зураб.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

●Узыншагъэ

## ЗыгъэпсэхупIэм сабийхэм захуегъэхьэзыр

УнэщIэ зыхуащIа «Звездочкэ» санаторэм и лэжьыгъэр мы махуэхэм нэсу зэтеублэжа хъуащ.

Мыбы и дохутыр нэхъыщхьэ ПIаз Маринэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, псори зэщIэгъэкъэбзэжынымрэ щIэуэ кърата хьэпшыпхэмрэ унэлъащIэхэмрэ я пIэм игъэзэгъэнымрэ къаруушхуэ ирахьэлIащ зыгъэпсэхупIэм и лэжьакIуэхэм. Санаторэм зи школ кIуэгъуэ сабиищэ зэуэ къищтэнущ. КъБР-м и Президентыр къадэIэпыкъуу зыхуей хуагъэза санаторэм хуэдэу Урысейм итыр мыбы и закъуэщ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщщ, сабийхэм я тыншыгъуэмрэ узыншагъэмрэ тещIыхьащ.

ЦIыкIухэр махуэм 5 ягъэшхэнущ. Мыбы пIалъэкIэ щыIэну сабийхэм щеджэкIэ, щыджэгукIэ зыхуеину щыгъыныгъуэхэри иратынущ. Унагъуэ хуэмыщIахэм къыхэкIахэм щыгъын хуаби хухах. Санаторэм щыIахэр я узыншагъэкIи я еджэнкIи зыхуей хуэзауэ гъэ еджэгъуэр яублэжынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

